

HAI 2201, EXAM I REVIEW
EXAM FRIDAY, FEBRUARY 11TH

How to review:

- Study these pages with a friend *in Creole*.
- Test your partners knowledge.
- Look up the words that you don't know (any of the words below could be used)
- Scan through the chapters to gain a broad perspective.
- Study OPD pages: 102, 103, 113
- Laugh a little!

Restavèk chapit 1

1. Poukisa Kadè te ekri liv sa a?
2. Èske l ap rann Ayiti ak ayisyen yo yon sèvis?
3. Èske chak peyi gen otè kouwè Kadè?
4. Kote manman Jan-Wobè travay?
5. Kote papa l sòti?
6. “Ti restavèk, sa vle di timoun ki esklav.” Èske se vre?
7. Ki obzèvasyon **rasyal/sosyo-ekonomik** yo Kadè fè?
8. Ki jan Kadè antre nan detay lavi malere?
9. Ki kalite abi restavèk yo konn resevwa

Vokabilè

anvan m te gen **kont** lespri

bèl nègès po mawon fonce

kay **chanmòt**

radiyès pèmèt

m kouche kouche m anba tab kizin nan

espès pitit **bouzen**

yon **wozèt** wouj

poul **pentle**

Sitasyon pou konsidere

“Paran yo ankouraje yo pale bon jan franse angiz yo pale kreyòl, lang moun lamas” (3)

“Li rele m vini pou m grate anba pye l. Yon lè m te tande sa se travay fi esklav yo te konn fè pou metrès yo” (7)

“Sèl timoun ki al nan premye kominyon, ki jwenn kado nan men tonton Nwèl epi ki nan fete fèt yo, se timoun ki gen manman ak papa toutbon” (11)

Pran tèm sa yo nan kont

Temwayaj istorik

Mizè oflen yo

Fen inosans lan

Reyalite klas ki pi malere ann Ayiti

Tantativ pou esplike fòs sosyal ak istorik ki alabaz fenomèn **restavèk** la

Literati otobiyografik ayisyen

Note: *Restavèk* an kreyòl se yon tradiksyon **Pwofesè Iv**

Dejan (PhD Indiana Univeristy)

o dènye rezime
reve je klè

Sitasyon

“Èske [blan] yo sèvi ak twalèt tankou kretyen vivan tou senp” (13-14)

“Mwen toujou santi m kòm yon moun yo kondane amò k ap mache sou chèz elektrik la” (14)

“...yo vin konprann se restavèk mwen ye, sèl bagay, yo kite m al lekòl”

Restavèk, chapit 3

1. Sa k rive Kadè?
2. Ki moun ki swen?
3. Kijan sa te pase?
4. Kijan Florans trete pwòp pitit li lè l malad?
5. Kisa Kadè wè nan chanm “manman” l la?
6. Ki moun ki pral vin wè Florans?
7. Kadè t ap renmen tire kouwè ki moun?
8. Kisa l fè vre?

Kizinyè a

Devine mo a!

lakoutim

yon **chany**

kwak li kite m repoze...

li **swen** jistan m geri

te **vèvèn**

sire soulye

bouyi fèy **zoranj**, fèy **sitwon** ak fèy **gwayav**

pisannit

konsilte

lepèp ta wè yon moun **grant famiy**...

preskripsyon

pe dyòl ou!

m chache **pwaye** a

m **koupi** nan yon kwen

nan **reve je klè**...

Devwa: ekri yon ti paragaf (tape oubyen alamen) sou *Restavèk*.
Sa ou renmen? Sa ou pa renmen? Ki solisyon?

Restavèk, chapit 4

Ki moun ki bon zanmi Florans?

Kijan zanmi l la menm jan avè l?

Kisa Jan-Wobè fè? Sa k pase l? Li pè kisa?

Klodèt Estime

Plizyè menaj

Kase yon vè...

Chita ajenou...

Rene... lapolis

frape l ak soulye

l

Ki jan Florans trete l apre zanmi l soti?

Ki moun ki ede Jan-Wobè?

Ki jan otè a **reprezante** krisyanis ak vodou nan sèn nan?

F. rele lwa

Matilda: Jezi,

Mari, Jozèf o

Poul kouri

F. prèske flank

li deyò

Sa k te pase nan lakou a?

Sa k rive Matilda kòm rezilta?

Ki manje Klodèt prepare lakay li?

Ki moun ki vini lakay li? Kijan J.-W. dekri yo?

“po fonse”

Poukisa?

Sa k pase lakay Klodèt? Kisa JW dwe fè?

li te konn **prete**

machin yo **ralanti**

kontinye **apye**

fè yon **piwèt**

tèt etajè bifèt la

bouzen

M **bege...**

etan m ap di sa... = **pandan**

lakranp

san **nanm**

machwa

manje mo yo

lansan

pèpèt mayi

Yo te chita sou chèz **olon** panno a

Kontinye...

kwi divès

gwo **nat**

mozayik

santinèl

bagay **raz**

m **chonje**

sou **resò**

Restavèk, chapit 5

1. Ki de rezon manman Liz pa t twò kontan ak maryaj pitit li ak Deni?
2. Ki moun JW wè nan fèt la?
3. Ki moun JW rankontre?
4. Kijan moun sa a parèy ak JW?
5. Poukisa JW fè jalouzi avè l'?
6. Kisa JW fè ak fi a? Fi a menase l ak kisa?
7. Poukisa yo pito manje mango yo nan fènwa?
8. Ki istwa Anita bay JW?
9. Ki pwoblèm Anita genyen?
10. Sa k rive JW apre l vòlò krèm alaglas la?
11. Kisa JW pèdi nan chapit sa a?
12. Ki jan chapit la fini?

kès koka kola = case

yon **mòp** = mop

depi nan **fouk** jis nan bouk sentiwon an = crotch

bwè **kichòy** = something

Mwen foure yo **tout boulin** nan bouch mwen = at full speed

an kachèt = secretly

zorèy **pèse** = pierced

san **zanno** = earring

lindemyèl = honeymoon

Li koupe m yon kout je =

plètil

souvetman

Li vire manivèl sòbtyè krèm nan

yon **papa** parapli

chouk bwa

lè **ponyèt** li bouke

Kontinye

fè konmisyon

m gen zanpoud

li fese m atè

li debòde akòz

fil estansyon

Restavèk chapit 6

1. Kisa ki pral rive Liz?
2. Ki fason yo disipline JW?
3. Sa k pase lè yo menase l ak sa vre?
4. Ki jan yo fè l retounen lakay la?
5. Ki jan Liz trete JW apre l fin akouche?
6. Ki jan pitit la chanje jan bagay yo fonksyone nan kay la?
7. Ki politik lengwistik parèt tèt li?
8. Dekri tout sèn lè yo batize pitit la?
9. Ki moun yo chwazi kòm parenn?
10. Sa k rive JW nan fèt sa a?

Kwiz vokabilè

Egzanp:

m fè **mwayen** posib pou m pa anba je l

Sèvi ak nenpòt **mwayen** pou rezoud pwoblèm nan.

1. m pati yon kous **tout boulin**
2. nan **fant** fenèt ki gen pèsyèn yo
3. galeri **sonm** nan
4. se **klakson** machin ki reveye m
5. **klere** fènwa
6. **vegle** m
7. **pwaye pòt** la
8. **chode** bibon
9. lave **kouchèt**
10. kò m **egzante** tout mechanste

Restavèk chapit 7

- | | |
|---|-------------|
| 1. Se yon bagay ou pran ak nen ou. | Sant |
| 2. Se yon nouvo ane. | Joudlan |
| 3. Li pipi nan kabann ni. | pisannit |
| 4. Si m di ou, al sakle jaden mwen pandan dizè ditan, travay la ap pete kisa? | fyèl ou |
| 5. Se yon kado pou Nwèl oswa Joudlan an | zetrenn |
| 6. Yo grese l, ou oblije monte l. | ma swife |
| 7. Pou monte ou bezwen fè sa. | grenpe |
| 8. Pou ou pa glise, sa ou ap fè? | priz sou li |
| 9. Yon seri moun enpòtan fòm sa lè y ap mache/kondi ansanm | kòtèj |
| 10. Li kwè leta ta dwe re-distribye richès nan yon peyi | kominis |
| 11. Se yon rad dezyèm men, pèpè | kenedi |
| 12. Yon gwo gason. Yon papa gason. | potorik... |
| 13. Lè ou kite peyi ou, ou al _____ | aletranje |
| 14. Se yon dyab. Se yon move bagay | baka |
| 15. Ou pa kontan, ou move, ou kontrarye | akaryat |
| 16. Ou ap tranpe zouti sa a nan soup la | louch |
| 17. Sinonim ak "Nenpòt sa k ap pase | kèlkanswa |
| 18. Se yon bagay maji pou kontwole yon moun | wanga |
| 19. Se yon pen ou te kite nan lè twòp | pen rasi |
| 20. Ou fache ak yon moun, ou ap _____ | tire revanj |
| 21. Yo pral mete l deyò kay la, yo ba l yon _____ | manda |

- **Dekri sèn ma swife a**
- **Dekri Divalye, Tonton Makout yo, kamoken ak kominis**
- **Dekri Pòl ak Wolan**
- **Dekri sa k rive Florans nan fen chapit sa a**
- **Ki malè tonbe sou JW?**
- **Ki kalite lavi Florans ap mennen?**
- **Kote Florans ale pou l jwenn sekou?**

GO TO DESK TOP FILE TO OBTAIN LATEST VERSION!!!

Restavèk chapit 8

- Ki kote Bobi ale nan chapit sa a?
- Ki jan Olivye trete Bobi?
- Ki bò Olivye di Bobi pou l dòmni?
- Ki jan moun nan kay la reyaji?
- Olivye montre Bobi ki bagay nan chanm ni?
- Kisa ki fè Bobi anpil lapenn (emosyonèl)?
- Ki bò timoun sa yo konn jwe?
- Ki moun ki ansent nan chapit la?
- Ki kriz tonbe sou moun kay la?
- Ki jan Olivye diferan konpare ak lòt moun ki fèt nan fanmi rich yo?
- Dekri kèk bagay moun yo te fè pou sòti anba kriz kay la...

marasa	lwa	oubyen	jimo/jimèl
Okonmansman	derape	oubyen	kaba
gouvènans kay la	chèf	oubyen	sèvant
lesivyè	fè manje	oubyen	lave
pa sitire mesye Olivye	gate	oubyen	tolere
degoutans	bèl bagay	oubyen	vye bagay
asyèt aliminyòm tou kòlboso	pliye	oubyen	plat
frakanste / frekansite	bon jan	oubyen	move jan
lezapremidi	yon jou	oubyen	chak jou
prestij	wo	oubyen	ba
ran	nivo	oubyen	djòb
ekri sou adwaz	papye fen	oubyen	tablo pòtab
chaloska	madigra	oubyen	dyab
kichòy	chèz	oubyen	bagay
li rèdi zòrèy mwen	pichkannen	oubyen	mase
Odènye rezime	dènye analiz	oubyen	dènye fwa
vaniy	pen	oubyen	krèm
fè yon kout dan nan...	rache	oubyen	manje
l ap chatiyèt mwen	manyen	oubyen	bay blag
delage pitit ki poko fèt la	libere	oubyen	kenbe
langay	pale serye	oubyen	pale mistik
li t ap bougonnen	manje mo	oubyen	pale rapid
manton l	figi	oubyen	bounda
perik	zwazo	oubyen	fo cheve
kase lèzo	vide dlo	oubyen	fè yon bebe

Restavèk chapit 9 ~ Tirivyè Latibonit

1. Kote Florans ale nan chapit sa a?
2. Ki moun Bobi wè anvan Florans ale?
3. Sa k rive Bobi lè Florans ale?
4. Èske moun lavil yo vle okipe Bobi?
5. Ki jan Bobi ale kay sè madan Kadè a?
6. Ki jan Bobi jwenn bis pa l la?
7. Nonmen kèk bagay Bobi wè oswa ki pase
8. sou wout ale kay sè Florans la?
9. Esplike pwoblèm Bobi gen ak Simon?
10. Ou kwè Simon pral kapab fè sa ankò?
11. Kisa Bobi fè ki byen dwòl lè l rive?
12. Ki relijyon grann?
13. Kisa grann fè ak sansi yo?
14. Kisa yo fè ak mè vant lan?
15. Kisa Simon vle fè ak wanga negès yo?
16. Nan ki kalite tou Simon dwe desann?
17. Kisa Simon dwe chache nan tou a?

Bondye Gran

plante ak pye bannann

rete je klè

ki lè ou je klè, poukisa?

dezagreman

sinonim

ata orevwa yo pa di yo

sinonim ata

m mande l an gras

kisa ou mande an gras?

wout la bay sakad...

sèvi ak sakad nan yon fraz

panche

ki lòt derive panche ou konnen?

y ap mate sou ban an

ki lòt bagay mate?

jennjan

gwo kochon kalsitran

ki lè yo te sèvi ak yon ponya nan istwa

ponya long ki file

Ayiti?

bouden

li fèt ak kisa?

de bòl fayans

ou gen fayans lakay ou? bay egzanp.

chita sou rebò pi a

ou ka chita sou rebò ki lòt bagay yo?

m pè amò

ou te janm pè amò?

Restavèk chapit 10

1. Chelèn mande Bobi ekri ki moun yon lèt?
2. Lè l rive kay Chelèn, ki kote Bobi vle ale?
3. Èske bès Antwàn kite Bobi enskri nan lekòl li?
4. Kisa Bobi bezwen montre l pou l ka antre?
5. Kijan Antwàn mete lòd ak disiplin nan lekòl la?
6. Eske ou dakò ak fason l fè l la?
7. Ki moun ap fè konkirans ak Bobi pou premye klasman nan lekòl la?
8. Ki estrikti rasyal manifeste nan fason Antwàn konplimante elèv yo?
9. Eske Bobi ak Almajip chape anba kou mèt la?
10. Ki bò Bobi prale apre l kite kay Chelèn?
11. Poukisa l ale la?
12. Sa l dekouvri sou pwòp istwa pa l la?
13. Ki avantaj Bobi jwenn nan kay sa a?

senmenn nan **bout**
tire **revanj**
yon **ekrito**
lajè pou m antre
pantalòn **abako** ble fonce
sa fè l **pete** ri
pòt la **grense**

tab ak **ankriye**
m **ponpe** kou moun fou
m sere **bougon** yo
ti **nosan** an
m boure soulye m ak ti **retay**
li **twaze** m
yon **dezagreman**
avivwa

anvan **labrin** rive
poul k ap **kodase**
ou se blan Filip **tou krache**
m ponpe **toutolon** chemen lekòl la
kòm **lakoutim**
bonèt lakansyèl
pepinyè
Granm maten